

Deklarasyon Enpak Sou Ekite Pou Rapò Anyèl Biwo Ekite

Tit: Rapò Anyèl Biwo Ekite

Dat: 7 Desanm 2022

Èske yo te itilize [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal](#) la? X Wi Non

Si se konsa, endike dat (yo) reyinyon REPT yo epi mete yon lyen pou ranpli REPT isit la: Biwo Ekite a itilize REPT la regilyèman nan travay li, sa gen ladan fasilite [REPT sa a](#) konsènan vaksinasyon elèv yo pandan ane finansye 2021-2022 a

Èske yon manm Divizyon Ekite, Estrateji ak Opòtinite Inegalite egzamine deklarasyon sa a? X Wi Non

Seksyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS	Rezime/Jistifikasyon
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon & Enpak <i>Ki rezilta yo vle sou efò yo te fè yo, sa gen ladan elimine disparite? Ki moun ki te dirije travay sa a epi èske li refleto idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (gwoup yo gen ladan Nwa, Latino, Azyatik, Endijèn, imigran ki pale plizyè lang, ak moun ki gen eksperyans edikasyon espesyal)?</i></p>	<p>Rapò Biwo Ekite sou rezilta ane eskolè 2021-2022 a, sa gen ladan kantite ak nati travay repons nou an konsènan rapò sou konpòtman ki baze sou prejije ak move konduit seksyèl, ak travay dinamik nou fè pou atenn ekite nan tout aspè pedagogik ak operasyon Lekòl Piblik Boston yo (BPS). Anplwaye Biwo Ekite yo refleto divèsite elèv ak fanmi BPS yo, epi yo gen abilite nan lang espanyòl, kreyòl ayisyen, somalyen, arab, ak koreyen.</p>
<p>2. Adaptasyon Onivo Plan Estratejik <i>Ki jan prezantasyon an konbine ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Travay Biwo Ekite a an patikilye konbine ak:</p> <p>1.1 Asire politik BPS, plan ak bidjè fè politik sou opòtinite ak eka rezilta yo pwogrese.</p> <p>2.7 Fè chak lekòl tounen yon espas ki an sekirite pou chak elèv BPS, bay sipò ak pwoteksyon ki nesèsè pou aprann, grandi ak pwospere.</p> <p>5.1 Rekrute, sipòte epi kenbe yon mendèv nan chak nivo ki refleto divèsite kilti ak lang elèv nou yo, epi abòde baryè estriktirèl ki afekte anplwaye ak edikatè koulè yo.</p> <p>5.3. Sipòte responsab lekòl yo epi bay yo mwayen pou kreye kominote lekòl enklizif e dirab onivo kiltirèl ak linguistik.</p> <p>5.4 Fè BPS tounen yon plas kote anplwaye yo vle travay paske yo konsantre sou bay elèv nou yo sèvis, epi yo santi yo valorize ak sipò nan travay yo.</p>
<p>3. Analiz done yo <i>Ki done ou te itilize pou analize pwoblèm/sijè a? Èske li te divize atravè ras? Ki sa li te montre konsènan diferans ki genyen nan popilasyon ki neglije istorikman?</i></p>	<p>Biwo Ekite a elabore chak ane done ki detaye sou travay sansibilizasyon nou yo, sesyon fòmasyon, aranjman ak rezilta lòt pwojè yo. Separasyon done nou yo ki fèt atravè ras difisil onivo lojistik. Sepandan, ras toujou rete baz enkyetid yo plis resevwa nan men elèv yo; epi majorite travay yo fèt nan non anplwaye ak elèv koulè yo, ak/oswa manm lòt popilasyon istorikman neglije.</p>
<p>4. Angajman moun ki gen enterè yo <i>Ki moun ki te angaje (kantite, demografi ak wòl), ki jan ak ki rezilta li te bay? Kisa elèv/fanmi ki pi afekte ak pwopozisyon/prezantasyon an te di?</i></p>	<p>Travay Biwo Ekite a afekte tout elèv, fanmi ak anplwaye yo, men sitou moun ki manm gwoup ki istorikman yo rejte, tankou moun nwa, LGBTQ+, moun k ap aprann plizyè lang, imigran, minorite relijye yo, fanm oswa tifi, ak/oswa moun ki gen andikap.</p> <p>Biwo a chèche opinyon moun ki angaje yo regilyèman atravè</p>

	<p>evalyasyon, fòmasyon, tikè pou sòti 24/7, reyinyon avèk fanmi, elèv, gwoup kominotè, reprezantan sendika ak lòt moun. Nou pwofite opòtinite pou vin pi efikas toujou lè nou enfòme elèv yo, fanmi ak anplwaye yo sou dwa ak responsablite yo dapre dispozisyon Ekite yo, epi lè nou reponn san pèdi tan e yon fason ki konplè a nenpòt enkyetid nou resevwa.</p>
<p>5. Estrateji Ekite Rasyal <i>Ki jan prezantasyon sa a diminye inegalite epi ogmante ekite, patikilyèman ekite rasyal? Ki konsekans yo pa t atann? Ki estrateji konplemantè ki pral fè ekite a pwogrese?</i></p>	<p>Biwo Ekite a gen objektif pou asire BPS se yon anviwònman edikasyonèl ak travay ki san patipri, san diskriminasyon, kote yo aksepte moun ki gen tout orijin ak eksperyans enkli, ankouraje, reyisi ak pwospere. Travay dinamik nou an konsantre premyèman sou ekite rasyal, men li abòde tout kalite ekite, ak priyorite patikilye a elèv k ap aprann plizyè lang, edikasyon espesyal ak elèv LGBTQ+. Biwo Ekite a, an patenarya ak lòt biwo ki fòme Divizyon Ekite, Estrateji, ak Diferan Opòtinite, angaje l pou sipòte chak distri ak lidè lekòl yo pou yo ka gen konesans, konpetans ak zouti nesèsè pou asire tout desizyon politik, pwogram, bidjè ak lòt desizyon kle yo pran nan pèspektiv ekite, ak avantou ekite rasyal.</p> <p>Pa egzanp:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Sesyon fòmasyon sipò elèv LGBTQ+ nou yo santre sou bezwen elèv nwa ak LGBTQ yo. ● Videyo Respè 7/24 la disponib nan lang espanyòl, li prezante yon gwoup ki gen divès ras, e de nan kat senaryo yo fè fas ak prejije rasyal. ● Twa modil fòmasyon Ekite Rasyal ak Lidèchip yo konsantre prensipalman sou bezwen pou aplike pratik anti rasis delibere, efikas e sistemik.
<p>6 Bidjè ak Aplikasyon <i>Ki enpak bidjè yo? Ki jan aplikasyon ki pral garanti objektif ekite yo ap reyalize kòm sadwa? Èske gen lidè ak anplwaye Nwa oswa Latino ki gen yon pèspektiv ekite rasyal?</i></p>	<p>Prezantasyon sa a se yon rapò sou travay ane lekòl (SY) 21-22 e konsa li pa gen okenn enplikasyon bidjè. Sepandan, li enpòtan pou sonje gen plis enkyetid nan moman elèv ak anplwaye yo te retounen nan aprantisaj ak travay an pèsòn nan sezon otòn 2021 an, anplis de sa te gen plis rapò ki baze sou lekòl la nan prentan 2022 a, sa te fè yo te ajoute yon FTE pandan ane lekòl 2021-2022 a, ak yon demann pou yon lòt FTE adisyonèl pou ane lekòl 2022-2023.</p> <p>Anplwaye pèmanan yo ak entèn nou yo, se sitou Nwa, Latino, ak/oswa Azyatik, epi yo toujou aplike yon politik ekite rasyal.</p>
<p>7. Responsablite & Kominikasyon <i>Ki jan yo pral evalye, dokimante ak kominike enpak yo bay moun ki enterese yo? Kiyès ki pral responsab sa?</i></p>	<p>Rapò anyèl Biwo Ekite Komite Lekòl la, ki evalye ak dokimante rezilta travay nou an, se yon eleman kle nan responsablite ak kominikasyon nou pou tout moun ki gen enterè entèn ak ekstèn.</p>